Yàlla du xool kuy diri ay yéreem ngir puukarewu

Jële nañu ci Ibn Umar -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-mu wax ne: "Yàlla du xool kuy diri ay yéreem ngir puukarewu".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc moytandikuloo na ci yoor ay yére walla koddaay ba ci suufu dojor yi ngir yéem ak rëy-rëylu, ak ne ku def loolu yayoo na tëkku gu tar gi ci ne Yàlla du ko xool ëllëg bis-pénc xoolu yërmände.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5370